



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON KONTRA-LWAYE DELTA KÒM  
ELEMEN FINAL AYEWOPÒ TOUNÈF LAGUARDIA**

***Travo pou Konplèks Dènyekri Delta a ap Kòmanse pita pandan Ete a – sa ki pral  
ajoute sou Konstriksyon Wout ak Konstriksyon LaGuardia Gateway Partners ki  
deja Kòmanse***

***Kontrandi sou Konplèks Delta a Disponib [Isit la](#)***

***Sa fè Pati Transfòmasyon LaGuardia pou fè l tounen Nouvo Ayewopò Kowòdone  
ak Sant Transpò 21yèm Syèk***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Komisyonè (Board of Commissioners) Otorite Pò New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) te bay apwobasyon final pou kontra-lwaye Delta Air Lines, Inc. pou nouvo konplèks li an nan Ayewopò LaGuardia, ki pral koute 4 milya dola e pral gen 37 pòtay. Sa se eleman final nan transfòmasyon LaGuardia pou tounen yon ayewopò kowòdone e konplètman rebati alimaj 21yèm syèk la. Otorite Pò pran angajman pou li bay yon kantite lajan fiks ki p ap depase 600 milyon dola nan kad pwojè Delta a, epi liy ayeryèn nan ap bay 3.4 milya dola e ap pran responsablite nenpòt ki depans ki depase. Tout konplèks tèmininal ayewopò yo, sa ki gen ladan pwojè Delta a, ap sitiye pi pre Grand Central Parkway kòm yon pati nouvo konsepsyon ayewopò kowòdone a, sa k ap bay plis espas tèren avyasyon.

“Transfòmasyon Ayewopò LaGuardia pou fè l tounen yon sant transpò dènyekri se yon kle nan kwasans ak fòs ekonomik eta a toutantye”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aksyon sa a se yon lòt etap enpòtan nan travay n ap fè pou nou bati yon nouvo LaGuardia - yon motè ekonomik ak yon ayewopò dènyekri ki alimaj New York”.

Travay Delta va kòmanse pita ete sa a. Redevlopman konplèks Delta yo fè pati yon pwojè jeneral Ayewopò LaGuardia ki te kòmanse nan mwa Jen 2016 avèk konstriksyon konfigirasyon jeneral nouvo wout la epi avèk tèminial pasaje LaGuardia Gateway Partners sou mwaye lwès nouvo ayewopò an.

**PDG Delta Airlines, Ed Bastian te di,** “Avèk apwobasyon nouvo kontra-lwaye Delta nan Ayewopò LaGuardia, n ap kontan kounye a pou fè pwogrè nan kad konplèks dènyekri memorab nou an pita ete sa a. Sa se yon etap enpòtan pou kliyan ak anplwaye nou yo kapab vanse pi devan nan youn nan sant ki pi enpòtan nou yo, epi pran avantaj plizyè ane Delta pase ap investi nan New York. Nou apresye Otorite Pò

New York ak New Jersey pou patenarya san rete pou transfòme LaGuardia pou fè l tounen yon ayewopò dènyekri moun k ap vwayaje New York merite”.

**Direktè Egzekitif Otorite Pò a, Pat Foye te deklare,** “Aksyon Otorite Pò jodi a kontinye vizyon transfòmasyon Gouvènè Cuomo pou yon Ayewopò LaGuardia ki modèn, ki kowòdone e ki konsantre sou kliyan. Anplis dèske l ap fè eksperyans kliyan LaGuardia yo fè vin alimaj 21yèm syèk la, akò sa a ak Delta pral kreye djòb nan domèn konstriksyon ak djòb pèmanan alontèm nan ayewopò a, sa ki pral ede kore ekonomi rejyon an”.

Plis pase 80 pousan nan pwojè Delta a jwenn finansman nan men sektè prive a. 600 milyon dola Otorite Pò ap pran angajman bay pou nouvo konplèks Delta a gen ladan pri yon nouvo pòs elektrik, ekspansyon pakin, nouvo wout ak lòt enfastrikti soutyen.

Nouvo konplèks la – ki pral gen teknoloji dirab – pral gen ladan 37 pòtay ki gen dimansyon fleksib ki kapab akomode tout flòt Delta a, kat konkòs ki konekte grasa yon lòbi santralize, baraj sekirite ak zòn reklamasyon bagaj. Repezantasyon grafik pwojè a yo disponib [isit la](#).

Sou tèren avyasyon an, avyon yo pral ogmante manyablite grasa pi bon wout pou taksi, sa ki pral ogmante efikasite avyon k ap deplase ale-vini sou pis aterisaj yo, kidonk k ap diminye reta. Nouvo konplèks Delta a ap ofri tou konkòs ki pi laj, pi gwo zòn pòtay ak plis syèj ankò, epitou 30 pousan pi plis espas konsesyon pase konplès li genyen deja. Li pral genyen tou yon nouvo Delta Sky Club avèk yon Sky Deck ki bay sou tèren avyasyon, diferan manje enspirasyon lokal, travay atistik atis ki fèk ap parèt New York, ak lòt ekipman inik.

Anplis de sa, nouvo tèminal lan pral ofri aksè dirèk ant garaj la ak nouvo Central Hall ayewopò an, amelyore zòn lage-vin chèche, epitou yon kote pou moun jwenn Sèvis tchèkin pa deyò, k ap mennen yo dirèkteman nan pòs sekirite a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418